

HHC OPTIONS

New York City Health & Hospitals Corporation (HHC) genyen yon misyon pou ofri sèvis swen medikal pou tout moun, kèlkeswa mwayen moun lan pou peye. Pwogram HHC pou fè sèvis swen li yo disponib pou tout Nouyòkè rele **HHC OPTIONS**.

Anpil pasyan HHC se imigran, kidonk n ap travay pou konprann enkyetid ak laperèz yo. Manm pèsònèl HHC respekte epi pwoteje enfòmasyon prive tout pasyan yo, ak imigran yo tou – kit yo gen papye imigrasyon kit yo pa genyen. Manm pèsònèl nou an resevwa fòmasyon pou konnen pwogram asirans-maladi piblik imigran yo kapab itilize.

Si lang natifnatal ou pa Angle, n ap fè yon efò espesyal pou asire ou kapab kominike avèk doktè a ak lòt manm pèsònèl la. Pifò enfòmasyon nou ak plizyè fòmilè nou yo tradui nan lang moun yo pale nan kominote yo.

Kimoun ki Elijib?

HHC Options disponib pou pasyan ki pa gen asirans oswa ki genyen pwoteksyon asirans limite. Ou dwe ap viv nan vil Nouyòk, ou dwe se yon vizitè ki nan yon adrès nan vil Nouyòk oswa nan Konte Westchester oswa nan Konte Nassau yo si w ap resevwa sèvis nan yon bilding HHC ki nan Bronx oswa nan yon bilding HHC ki nan Queens. Ou dwe ap viv nan Leta Nouyòk si w ale nan yon sal-dijans oswa si w entène lopital.

Kisa mwen bezwen pou mwen aplike?

Se pou w bannou enfòmasyon osijè revni w. Depi nou fin resevwa enfòmasyon finansye sa a, si w kalaifye sou labaz revni w, yo gendwa redui chaj la. Nou pral fè w konnen ki lòt kalite enfòmasyon ki nesèsè pou aplike pou pwogram asirans piblik ak pou Plan Sante Kalifye (*Qualified Health Plans*) anba Lwa Swen ki Bon Mache (*Affordable Care Act*). N ape de w aplike pou asirans sante piblik ak pou Plan Sante Kalifye – Medicaid, Child Health Plus, EPIC (pou senyò) ak ADAP (pou moun ki gen VIH/SIDA). Si w pa elijib pou pwogram sa yo, eben se chaj ki redui epi ki baze sou yon echèl tarifkasyon mobil w ap dwe peye.

Konbyen lajan m ap gen pou peye?

Si w pa kalifye pou youn nan pwogram asirans-maladi, frè ki redui dapre yon echèl frè varyab se sa w ap peye a. Frè a ap diminye dapre kantite lajan w ap touche ak kantite moun k ap viv nan fanmi ou. Pa egzanp, vizit nan yon sal-dijans oswa yon vizit nan klinik varye ant \$15 ak \$60. Pou timoun ak fanm ansent frè a kòmanse a \$0. Frè a kouvri tout pasyan ki pa entène yo sof menm jou operasyon ki gen yon frè ki kòmanse a \$150. Si w entène nan yon lopital epi ou pa elijib pou pwoteksyon asirans-maladi, bòdwo lopital la kapab diminye sou kantite lajan w ap touche ak epay avèk yon frè ant \$150 ak \$5,000 pou moun ki gen epay ki mwens pase \$8,000.

Esi mwen resevwa yon bòdwo pandan w ap tann pou enfòmasyon sou pwoteksyon asirans-maladi?

Si w aplike pou asirans-maladi piblik, ou p ap gen obligasyon pou peye bòdwo a pandan y ap trete aplikasyon ou. Si w ta resevwa yon bòdwo, ou ta dwe rele nan telefon oswa vizite konseye finansye ki nan lopital kote w te resevwa swen medikal la.

ECHÈL FRÈ VARYAB HHC Options

Jwenn nivo ki adapte avèk kantite lajan ou touche nan yon ane ak kantite moun ki nan fanmi ou. Nivo a se kòd frè fanmi ou pou HHC Options.

Fanmi	0-150%		151-200%		201-250%		251-300%		301-350%		351-400%		400% +
Kantite moun	mwens pase	plis pase	mwens pase	plis pase	mwens pase	plis pase	mwens pase	plis pase	mwens pase	plis pase	mwens pase	plis pase	plis pase
1	\$17,505	\$17,506	\$23,340	\$23,341	\$29,175	\$29,176	\$35,010	\$35,011	\$40,845	\$40,846	\$46,680	\$46,681	
2	\$23,595	\$23,596	\$31,460	\$31,461	\$39,325	\$39,326	\$47,190	\$47,191	\$55,055	\$55,056	\$62,920	\$62,921	
3	\$29,685	\$29,686	\$39,580	\$39,581	\$49,475	\$49,476	\$59,370	\$59,371	\$69,265	\$69,266	\$79,160	\$79,161	
4	\$35,775	\$35,776	\$47,700	\$47,701	\$59,625	\$59,626	\$71,550	\$71,551	\$83,475	\$83,476	\$95,400	\$95,401	
5	\$41,865	\$41,866	\$55,820	\$55,821	\$69,775	\$69,776	\$83,730	\$83,731	\$97,685	\$97,686	\$111,640	\$111,641	
6	\$47,955	\$47,956	\$63,940	\$63,941	\$79,925	\$79,926	\$95,910	\$95,911	\$111,895	\$111,896	\$127,880	\$127,881	
7	\$53,045	\$53,046	\$72,060	\$72,061	\$90,075	\$90,076	\$108,090	\$108,091	\$126,105	\$126,106	\$144,120	\$144,121	

Chèche nivo fanmi ou epi gade konbyen lajan w ap bezwen peye pou bòdwo lopital ak doktè nan HHC.

	0-150%	151-200%	201-250%	251-300%	301-350%	351-400%	400% +
Vizit nan klinik doktè oswa nan sal-dijans pou granmoun yo	\$15	\$20	\$30	\$40	\$50	\$60	jiska frè
Vizit nan klinik doktè oswa nan sal-dijans pou timoun oswa fanm ansent	\$0	\$0	\$0	\$15	\$20	\$30	jiska frè
Kopeman ak franchiz pasyan (tout plan asirans) pou vizit nan klinik doktè oswa nan sal-dijans oswa pou ospitalizasyon*	\$0	\$0	\$10	\$12	\$15	\$18	tout kopeman ak franchiz
Kopeman pou medikaman sou preskripsyon oswa pou famasi (frè pou chak preskripsyon)*	\$2	\$6	\$10	\$14	\$18	\$22	frè reyèl plis \$6
Operasyon san entène ak tès MRI pou granmoun ak timoun yo	\$150	\$250	\$350	\$450	\$550	\$650	jiska frè
Ospitalizasyon si epay ou mwens pase \$8,000**	\$150	\$300	\$800	\$1,800	\$3,000	\$5,000	jiska frè

*Ap diminye annapre si frè a pi plis pase frè pou medikaman oswa sèvis yo

**W ap peye yon frè 2% sou epay ki pi plis pase \$8,000

Pasyan yo ki bezwen sèvis pi souvan tankou terapi oswa pasyan yo ki bezwen anpil preskripsyon kapab mande yon konseye finansye pou yon anilasyon oswa yon diminyasyon nan frè yo.

